

Bhaibheri re vana Rikukupai

Mwanakomana akarasika



Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes

Rakafanidzirwa ne: Lazarus

Rwakashandurwa na: Tendai Mugova

Rakatorwa na: Ruth Klassen; Sarah S.

Story 45 of 60

www.M1914.org

Bible for Children, PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada

Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana usinganotengesi chete.

Shona



Jesu aifarira
kutaaurira vanhu
kuti Mwari akanga
achida kuvaregerera.
Asi vatungamiri
vakapopota nokuda
kweushamwari hwake
navatadzi.

1



Zvino Jesu
akavaudza nyaya
nhatu dzairatidza
kuti Mwari anofara
kana vatadzi
vakakumbira
ruregerero.

2

Nyaya yokutanga yakanga iri pamusoro pemwe murume



akanga aine hwai zana. Hwai imwe chete yakarasika.



3

Mufudzi akasiya dzimwe hwai achienda kundotsvaka



imwe yakanga yarasika.



4

Mufudzi akatsvaga kwose kusvika awana gwai rakanga rarasika. Akaritakura pamapfudze ake ndokudzokera kumba.



5

Akaudza shamwari dzake kuti, "Pemberai neni nokuti ndawana gwai rimwe chete rakanga rarasika."



6

Jesu akataura kuti kana kudenga kunova nemufaro mukuru kana munhu mumwe chete achinge atendeuka. Kutendeuka kunoreva kuti munhu anenge aine urombo nezvitadzo zvake, urombo unoita kuti aregere kutadza.



7

Nyaya yepiri ya Jesu yakanga iri pamusoro pemukadzi akanga aine masirivha makumi, zvichida akanga ari ose akachengeta. Akarasikirwa nesirivha rimwe chete.



8

Tsvai! Tsvai! Tsvai! Mukadzi akatsvaga kwese. Zvisinei, akawana sirivha rake akava nomufaro mukuru.



Unofunga kuti akaita sei? Hongu, akaudza shamwari dzake dzose.




Zvakare Jesu akati, "Kune mufaro mukuru pakati pengirozi dzaMwari kana munhu mumwe chete atendeuka."


Nyaya yaJesu yechitatu yakanzwisa tsitsi kwazvo. Yakanga iri pamusoro peumwe mukomana akasiya imba yababa vake.



Mukomana akaenda kunyika yakanga iri kure akanodya mari yake. Zvino akanga achaita sei? Mukomana akanga achafa nenzara nokuti makore enzara akatevera.



Achitsvaga zvokudya, mukomana akawana basa rokuchengeta nguruve. Zvichida akadya chikafu chenguruve. Zvisinei mukomana akafunga akati, "Ndodzokera kumba nokuti kana vashandi vanodya zviru nani pane zvandirikudya."






"Ndinodzokera kumusha ndinokumbira baba vangu kuti vandiregerere. Handikodzere kuva mwana wavo. Zvichida vanokwanisa kundipa basa somushandi wavo."

15



Asati asvika kumba, baba vake vakamuona achiuya. Vakafara chaizvo kuona mwana wavo achidzoka. Vakamutsvoda vachibva vamumbundira mumaoko avo.

16



Mukomana akataura achiti, "Baba ndakatadza. Naizvozvo, handikodzeri kuva mwana wenyu." Mukomana akanga achida kukumbira baba vake kuti vamuite mushandi wavo. Asi baba vakatanga kutaura vakati, "Hunzai nguwo yakanaka neshangu dzokuti ndipe mwana wangu. Gadzirirai mabiko makuru."

17

Vakaita mabiko makuru nokuti mwana akanga arasika akanga awanikwa. Jesu akataura nyaya iyi nokuti yakaratidza kuti Mwari anofarira kugamuchira vatadzi vanotendeuka vachiuya kwaari.



18

Mwanakomana akarasika

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa mu

Ruka 15

"Mazwi enyu anotipa kuchena."
Mapisarema 119:130

Mwari anoziva kuti takaita zvakaipa, zvaanoti zvitema. Mubairo wezvitema ndirwo rufu.

Mwari anotida akatuma mwanakomana wake, Jesu, kuzofira pamuchinjikwa akaripa zvese. **Jesu akamuka** akadzokera kudenga! Uye zvino Mwari anotiregerera zvitema zvedu.

Kana uchida kusiya zvitema, taura izvi kuna Mwari: Mwari ndinotenda kuti Jesu akafira ini akamukazve. Huyai mumoyo wangu, mundiregerere zvitema zvangu, ndive neupenyu hutsva ndigare nemi mazuva namazuva. Ndibatsireyi ndiraramire imi semwana wenyu. Amen. Johani 3:16

Verenga Bhaibheri kuti mutaure neMwari mazuva ese!